



TICHIRI

# Parutivi nePartivi

Janet George

Tsananguro nepapfupiye yemubhaibheri yekuenzana  
kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume



# TICHIRI

# Parutivi neParutivi

Tsanangudzo Nepapfupi Yakazara Maererano Nekuenzana  
Kwemikana Pakati Pevanhurume Nevanhukadzi muBhaiberi

Janet George

Rakaturikirwa naHerbert Mazonde



**CBE International**

[cbeinternational.org](http://cbeinternational.org)

Bhuku iri rakapiwa muna 2016 nevePUBLISH4ALL  
[infor@publish4all](mailto:infor@publish4all)

All Scripture quotations are taken from the THE HOLY BIBLE, NEW INTERNATIONAL VERSION®, NIV® Copyright © 1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.™ Used by permission. All rights reserved worldwide.

*Tichiri Parutivi neParutivi: Tsanangudzo Nepapfupi Yakazara Maerenano Nekuenzana Kwemikana Pakati Pevanburume Nevanbukadzi muBhaiberi*

Copyright Janet George © 2016

Rakaturikirwa naHerbert Mazonde

PUBLISHED BY CBE INTERNATIONAL

122 W Franklin Ave, Suite 218

Minneapolis, MN 55404-2451

[www.cbeinternational.org](http://www.cbeinternational.org)

*Still Side By Side: A Concise Explanation of Biblical Equality*

Copyright Janet George © 2009

ISBN 978-0-939971-76-0 (Print)

ISBN 978-1-939971-77-7 (PDF)

Cover background: Created by 0melapics - Freepik.com

*Still Side by Side: a concise explanation of biblical gender equality* is available in the following languages:

Amharic, Arabic, Chinese, English, Finnish, French, German, Haitian Kreyol, Hindi, Khmer, Korean, Nepali, Portuguese, Russian, Spanish, Swahili, Urdu, Tamil, Xhosa, and Zulu. Coming soon in 2017: Luganda and Shona.

CBE International is the largest clearing house for popular and academic resources on biblical gender equality. Visit us at [www.cbeinternational.org](http://www.cbeinternational.org)



Attribution-NonCommercial (<http://creativecommons.org/licenses/by-nd/4.0/>)

CC BY-ND

You are free to:

Share—copy and redistribute the material in any medium or format for any purpose, even commercially.

Under the following terms:

Attribution—You must give appropriate credit, provide a link to the license, and indicate if changes were made. You may do so in any reasonable manner, but not in any way that suggests the licensor endorses you or your use.

NoDerivatives—if you remix, transform, or build upon the material, you may not distribute the modified material.

For permission to translate, send inquiry to:

CBE International, 122 W Franklin Ave, Suite 218, Minneapolis, MN 55404-2451 or [cbe@cbeinternational.org](mailto:cbe@cbeinternational.org)

# *Zviri Mukati*

<b>Nhanganyaya</b>	1
<b>Kutanga</b>	
Kusika	3
Kukoromoka	5
<b>Ruenzaniso muBhaibheri</b>	
Umwechete munaKristu	7
Jesu Nevakadzi	12
Zvamweya	16
Vakadzi muBhaibheri	18
<b>Matambudziko Mukereke Yekutanga</b>	
Runyararo	19
Simba Nekudzidzisa	21
Utungamiri	24
Kuzvideredza	28
<b>Mhedziso</b>	30
<b>Maererana neCBE</b>	32
<b>Zvinobatsira Kunzwisisa Chinyorwa</b>	36



# *Nhanganyaya*

Ndiri kukoreji ndaka kumbirwa kudzidzisa pamusangano wekunamata wepakupera kwesvondo wevadzidzi vepakoreji. Pandakuudza mukomana wangu akandirambidza izvi nekuti bhaibheri rinoti vakadzi havafaniri kudzidzisa varume. Saka ndakaramba. Tese taida kuteerera Magwaro sekunzwisisa kwataiita. Ndakapinda zvangu musangano, uye murume akanditsiva aiva munhu akanaka zvikuru asi asingakwanisi kunatsodzidzisa. Ndinorangarira ndakagarapo ndichifunga, “Izvi zvechokwadi zvinoratidzika sezvisiri izvo!” Munoda kuziva chakaitika kumukomana wangu? Akandiroora! Heino nhorondo yangu yese sezvairi:

Ini naMatt takatanga wanano yedu muna1978 tichifunga kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti panofanirwa kuva nenhevedzwa dzeukuru mumba nemukereke. Izvi zvaireva kuti varume vaiwa vatungamiri uye varivo vanotaurira vamwe zvekuita. Hakusi kuti taifunga kuti Mwari anokoshesa varume kupfuura vakadzi, asi kuti vane mabasa akavakatemerwa. Mukufamba kwemakore, takanzwa kukura kwekupokana pakati pezvataifunga kuti ndizvo zvinodzidziswa neBhaibheri nezvataisangana nazvo pachedu.

Kubvira ipapo takawana upfumi hwedzidziso zhinji dzaipa pfungwa yakasiyana-siyana. Vanonzi maEgalitarians neChiRungu vanotenda kuti Bhaibheri sezvariri rinodzidzisa kuenzana kwevatendi vose, avo vakasununguka kushandisa zvipo zvavakapiwa naMwari mumba, mukereke nemumagariro. Izvi zvinoreva kuti zvigaro zvose muushumiri zvinofanirwa kupiwa kune vane zvipo uye vanoovigona kwete nekuti uri mukadzi here kana kuti murume. Zvakare musha ngauve nzvimbo yekuzvideredza kwevanhu vose, kukurudzirana nekutungamirana.

Asi tiri kuramba tichisangana nemamiriro ezvinhu apo varume nevakadzi vari kutadza kusvika chaipo chaipo nenyaya yenhevedzwa dzeukuru. Ndakapinda muchitoro chinotengeswa mabhuku echiKristu rimwe zuva ndikaona kudivi remadzimai kwaiva nemabhuku ane chekuita nezvechokoreti, zvekusimbisa muviri uye zvekushongedza mumba. Kudivi revarume kwaiva nemabhuku ane chekuita nezveutungamiri, zvemabasa nekufambiswa kwemari uye nyaya dzizviri kuitika mazuvano. Izvi zviri kutaurira chii kuvanakomana nevanasikana vedu? Ini naMatt takaenda kune mumwe muchato kwainzi kuzviisa pasi zvinoreva kuti mukadzi anofanira kuita zvinotaurwa nemurume wake kunyangwe zvisiri izvo. Uye tinoziva mukadzi nemurume vakawanana vakanga vatumwa nevhangeri vakanyimwa mari nekuti vaidzidzisa vose semukadzi nemurume.

## *Maizviziva here...?*

- Pauro haashandisi mazwi anoti “musoro wemusha” muBhaibheri.
- Magwaro anoti tinofanira kuzviisa mumwe pasi pemumwe, kwete vakadzi pasi pevarume chete.
- Izwi rekuti “mubatsiri” rinshandiswa kutsanangura mukadzi munaGenesisi rinoshandiswazve kutsanangura Mwari.

Ngatinzverei chokwadi kuitira kuti tose tikwanise kushumira Ishe Jesu tiri parutivi neparitivi!



# Kusika

---

Mubvunzo: Bhaibheri rinoti vakadzi vasikwa kuti vave vabatsiri vevarume vavo. Saka varume havana here kusikwa vari vatungamiri vanoda kuona, kuziva nekuita twakawanda-wanda?

Mhinduro: vanhurume nevanhukadzi vakasikwa kuti vabatsirane vakaenzana muumambo hwaMwari.

---

Ipapo Mwari akati, “*Ngatiite munhu nemufananidzo wedu, akafanana nesu, kuitira kuti vatonge pamusoro pehove dzegungwa neshiri dzedenga, nepamusoro pezvipfuyo nemhuka dzose dzesango nepamusoro pezvipenyu zvose zvinofamba nepasi.*” Saka Mwari akasika munhu nemufananidzo vake, nemufananidzo vaMwari akavasika; akavasika murume nemukadzi. Mwari akavaropafadza akati kwavari, “*Berekai, muwande, muzadze nyika mubate ushe mairi. Muve nesimba pamusoro pehove dzegungwa neshiri dzedenga nepamusoro pezvipenyu zvose zvinofamba nepasi.*” (Genesisi 1:26-28; pane kukomekedza kwakaitwa).

Pane utongi uviri huri pachena pano: simba raMwari pamusoro pezvisikwa zvese, uye simba remurume nemukadzi vari pamwechete pamusoro penyika nezvisikwa. Kubva pakutanga, pakanga pasina hurongwa hwekuti murume ave nesimba pamusoro pemukadzi. Pamwechete vanofanira kubereka nekurera vana nekuva nesimba pamusoro penyika - uye urwu rwendo runosanganikwa netwakawanda-wanda!

Mwari Mambo akati, “Hazvina kunaka kuti murume agare oga. Ndichamuitira *mubatsiri akamukwanira*” (Genesisi 2:18, pane kukomekedza kwakaitwa)

Izwi rekuti “mubatsiri” kana kuti “ezer” rinotorwa nepasipo kureva kuti vakadzi vakasikwa kuzoshandira varume nekuva pasi pevarume. Linda Belleville anotsanangura: “Pose panowanikwa izwi rekuti ‘ezer’ kagumi nepfumbamwe muTestamente Yekare uye pose panowanikwa izwi iri rine chekuita nezvekubatsirwa kwemunhu asina simba neanaro, ruri rubatsiro runobva kunaMwari, kuna ishe, kune mubatsiri kana kubva kumauto. Pamusoro pezvo, kagumi neshanu panoptaurwa nezvazvo urwu rubatsiro runogopiwa naMwari chete (1). Muenzaniso ndeuyu:

Ndichasimudza meso angu kumakomo – ko kubatsirwa kwangu kuchabvepiko? Kubatsirwa kwangu kunobva kunaMambo, Nyakuita denga nepasi (Mapisarema 121:1-2).

Izwi rekuti “akafanira” kana kuti “knegedo” rinoreva makatarisana chiso nechiso; kuenzana kana kuenderana. “Mubatsiri akamukwanira” zvinoreva mumwe wake anoenderana naye muna zvose! Mukadzi akasikwa aine magonero anoita kuti akodzere kuva parutivi rwaAdam uye achizadzikisa paurongwa hwavakapiwa naMwari. Mwari akasika munhurume nemunhukadzi vakaenzana, kuti vashande parutivi neparutivi.

Zvinonzi “Simba rinoipisa; simba rakaperera rinoipisawo zvakaperera.” Zvine njodzi kuisa munhu mumwe chete (murume) pautungamiri hwaasina kushandira uye husina mumwe mukuru kwaari. Mwari vaizviziwa izvi - ndokusaka ushamwari kwete ukuru ari iwo magadziriro avakazviita nawo. Mwari vaitarisira kubatsirana kwakanaka muukama hwemurume nemukadzi. Kubva pane izvi nekumanikidzira simba neukuru zvinogona kupedzisira zvave kukonzeresa kutukana nekurwisana. Ngatirambei takabatirira pakusikwa kwazvakaitwa epakutanga.

# Kukoromoko

---

Mubvunzo: Zvinotaridzika sokuti mutsika ne mumagariro akawanda, varume ndivo vari pamusoro. Zvingave here zvokuti ndiwo masikiro aakazviita Mwari?

Mhinduro: Kutonga kwevarume kutukwa kwakabva pakukoromoka, chinhu chinotofanira kukundwa, kwete kutambirwa.

---

Kumudzimai akati, “Ndichaita kuti *kurwadziwa kwako pakusununguka mwana* keve chinhu chinorwadza zvikuru, ucharwadaziwa pakusununguka uchibara vana. Uchasuwira murume wako, *nye achatonga pamusoro pako*” Kuna Adam akati, “Zvawakateerera mukadzi wako, ukadya muti wandakakuraira kuti, ‘Musadya kubva kwauri,’ “Nyika yatukwa nemhosva yako; kubudikidza nemairi uchadya zvizereko zvayo nokufondoka mazuva ose oupenyu hwako. Ichakumerera berekera minzwa nerukato, iwe uchadya miriwo yeminda usango. Uchadya zvokudya zvako nezuya rinobva pahuma pako chiso chako kusvikira wadzokera kuvhu, nokuti wakatorwa kubva kwariri; zvauri guruva, naizvozvo uchadzokerazve kuguruva” (Genesisi 3:16-19a; pane kukomekedza kwakaitwa)

Murume pamwe nemukadzi wakakonzeresa kukokoromoka. Sarudzo yavo yechivi ndiyo yakakonzeresa matambudziko akazotevera aya: nharaunda inorwadza kugara, kurwadiwa pakubereka neudzvanyiriri hwavanhurume. Uhu hausi ihwo urongwa hwemagariro atinofanira kunge tichiita, asi zvakakonzereswa nechivi pachakapinda munyika. Kutonga kwemurume pamusoro pemudzimai wake, sezvakaita zvitumbura mumunda, chinhu

chinofanira kukurirwa, kwete kutambirwa. Belleville anotsanangura, “Urongwa hwaMwari hwakanga huri hweushamwari - kutonga nyika pamwechete, kubatsirana kubereka nekurera vana nekubatsirana kurima munda. Kutonga kwemumwe pamusoro pemumwe hausi ihwo hwaive urongwa, aya mamiriro ezvinhu asina kunaka akabva mukusateerera Mwari” (2). Tinofanira kushanda tiri parutivi neparutivi.

# *MunaKristu*

---

Mubvunzo: Mwari anoda nekukoshesa munhu vese, asi varume nevakadzi havana mabasa akasiyana here?

Mhinduro: Mabasa anofanira kuitwa pachicherechedzwa anoitwa zvichienderana nezvipo, kugona nenguva yagara munhu nebasa rake umhizha kwete nekuti uri munhukadzi here kana kuti uri munhurume.

---

Hakuchina muJuda kana Wekunze, hapachina nhapwa kana, akasungwa, hakuchina munhurume kana munhukadzi; nekuti imi mose muri vamwe munaKristu Jesu. (VaGaratiya 3:28).

Vamwe vanoti iyi inotsanagura kuti varume nevakadzi vanodiwa zvakaenzana, kukosheswa uye kuponeswa zvakafanana (kufanana paumunhu hwavo), asi vaine mabasa akasiyana (kusiya kwamabasa).

Kune mienzaniso yeukuru neudiki pamabasa, sezvakaita mudzidzisi/mudzidzi kana mushandirwi/mushandi. Asi mabasa aya anopiwa nekucherechedza munhu zvaanokwanisa kuita uye chinhu chingarambe chakadaro. Mudzidzi ari pasi pemudzidzisi mukirasi nokuda kweruzivo rwemudzidzisi, asi ndezvenguva inopfuura. Dai zviri zvekuti mudzidzisi anoshanda muresitorendi yemudzidzi, mabasa neukuru hwavo hwaipidiguka. Mabasa anoitwa navanhu anogara achingoshanduka zvichienderana nemamiriro ezvinhu panguva iyoyo uye ruzivo rwebasa.

Rebecca Merrill Groothuis anotsanangudza kuti kuiswa pasi kwemunhukadzi hachisi chinhu chinocherechedza zvaanokwanisa, asi zvinongove chete maererano nokuti munhukadzi. Uye hazvisi zvenguva inopfuura, haafi akakwanisa kukura achibuda mazviri. Zvino izvi zvinopesana zvikuru kwazvo kubva mukuva pasi takatarisana nebasa rake kusvika pakushaya kuenzana nemurume kweemunhu hwake. Hazvitaridzi kufunga kwakakwana kuti mukadzi zvisinei nokugona kwake, anofanirwa kuvepasi pemunhurume panguva dzose, asi panguva yakare achinzi akakosha zvakaenzana nemunhurume (3).

Uye cherechedzai kuti ndima iyi haisi kungotaura murume nemukadzi chete. Imbopafungai kuti dai mabasa aipiwa vanhu zvichienderana nerudzi rwemunhu!

Pauro haasi kuti tese takafanana zvingaita sekuti hapachisina zvokuti munhukadzi kana kuti munhurume. Ndima iyi inotaridza kuti rudzi, kuwana kana kushaya kwako muupenyu, uye kuva munhurume kana munhukadzi hazvina basa kana takatarisana nekushandira Kristu, uye kuti vese vakaenzana. Magwaro mazhinji muTestamente Itsva anotsigira kuti vatendi vese vakaenzana pakusikwa nepamabasa avanoita: Johane 17:20-23; VaRoma 12:4-5; 1 VaKorinte 12:12-14; VaEfeso 4:4-8, 11-13.

Kereke inofanira kuva muenzaniso wekubatana munyika ino yakaputsika. Shoko ripi neripi, maonero kana mutemo unokurudzira kuti vakadzi vanhukadzi “vari pasi” kpavanhurume rinodzivirira muenzaniso werudo masanganise rwaMwari.

---

Mubvunzo: Panofanirwa kuva nemunhu ari pamusoro anotemera vamwe zvokuita. Hataridziki here kunge sezvifanira kunge pakusikwa kwazvo kuti murume?

Mhinduro: Kuitira kuti pave nekutaurirana nekushandisa ruzivo rwegara nebasa sarudzo yekuti chii choitwa chinhu chinofanira kunge chichitenderanwa pamwechete.

---

Kunyange zvakadaro munaShe munhukadzi haana kuzvimirira ega kunze kwemurume, kana nomunhurume haana kuzvimirira ega kunze kwemunhukadzi. Nokuti mukadzi sezvaanobva kumunhurume, nokudarowo murume anoberekwa nemunhukadzi. Asi zvose zvinobva kunaMwari (1 VaKorinte 11:11-12)

Mukurarama kwedu mazuvano, vakadzi nevarume vose vakakodzera uye vanokwanisa kufunga nokusarudza kuita zvinhu zvine musoro. Kubvisa simba reuchenjeri hwemukadzi kuti ahushandise kufunga zvinovakwa kunomudzikisira iye pachake nevose vakamukomberedza. Chido chaMwari, sezvazvakanga zviri pakutanga, ndekwekubatirana pamwechete nekuita zvinoda kuitwa muumwechete sekugarisana kunenge kwaita vanhu. Tinofanira kushanda tiri parutivi neparutivi.

Pane nguva dzekuti nhaurirano pane zvinenge zvichida kuitwa dzinosvika pamangange. Hedzino dzimwe nzira dzekugadzirisa mangange dzakasiyana sekupihwa naGilbert Bilezikian (hadzina kupiwa zvichiendendarana nekukosha kwadzvo):

1. Tsvagai mazano kunaMwari.
2. Edzai kuzviisa mumwe pasi pemumwe, teerera, remekedzanai uye taridzai kunzwisisa mafungiro emumwe.
3. Shandisai zvipo zvemweya, zvipo zvamunaizvo, neruzivo rwepamusoro rwamunarwo panyaya inenge ichitaurwa nezvayo.
4. Sanganai pakati.
5. Tsvagai mazano kubva kvanhu vamunovimba navo vane ruzivo .
6. Dudzirai zviga kana kuti zvidzidziso zvemubhaibheri.
7. Taxisai zvazvakanakirira kana zvazvinenge zvakaipira .
8. Cherechedzai kuti munhu ane zvakawanda zvaangarasikirwa nazvo panyaya iyi ndiyewo anofanira kuva nezvekutaura pasarudzo (4).

---

Mubvunzo: MuTestamente Yekare, varume chete ndivo vaiwa maprista, saka varume havasiri ivo here faniri kuva maprista kana vatungamiri vepamweya mumba

Mhinduro: Munhu wese ane mukana wakaenzana wekushandira Mwari

---

Asi imi muri rudzi rwakatsanangurwa, *uprista hweumambo*, rudzi rutsvene, vanhu vake vakakosha, kuti muparidze kunaka kwaiye wakakudanai, kuti mubve murima muuye kuchiedza chake chinoshamisa (1Petro 2:9, zvatsimbidzirwa).

Hapana pazviri muMagwaro Anoyera panotaridza kuti murume ndiye muprista mumba. Hapana mataurire mamwe atingaita kutsimbidzira nawo - asi chete kuburikidza nemunaKristu, vese vane mikana yakaenzana pakusvika nekushandira Mwari! Sezvakarehwa naJohn Phelani “Keteni retemberi rakabvarurwa nepakati uye parizvino vanhu vese vanokwanisa kuzvisvikira kuna Mwari. Vanhu vese vaMwari maprista. Vanhu vese vaMwari vatsvене. Vanhu vese vaMwari vaneMweya Mutsvене” (5).

---

Mubvunzo: Sezvo Mwari vari Baba vedu uye Jesu aiva munhurume, saka varume havafaniri kuva vatungamiri vezvepamweya here?

Mhinduro: Mwari haasi munhumurume. Mwari Mweya, anove anotaridzika mumufananidzo wemunhurume nemunhukadzi.

---

“Baba” ndiyo yeimwe fananidzo yaMwari inotsanangura munhu, munguva iyoyo, anopa nhaka nekudzivirira. Mwari haasi munhurume. Mwari mweya



(Johane 4:24). Murume nemukadzi vose vakaitwa nemufananidzo vaMwari uye vose vanotaridza nenzira akaenzana zvakaita Mwari. Mimi Haddad anoti, “Tikaramba tichiti Mwari munhurume, uku ndiko kunamata zvipananidzo, uye taita Mwari mumufananidzo wedu, zvinova zvinopikisana neMagwaro Matsvene” (6).

Jesu akauya semunhurume nekuda chete kwekuti akwanise kuparidza mumasinagoge umo mairambidzwa vanhukadzi kuti vaparidze panguva iyoyo. Kristu akava mudzikinuri saMwari akapfeka nyama yemunhu – kwete semunhurume.

---

Mubvunzo: Munopindura kutii kune sei avo vanoti tiri kubvarura kutsemura mhuri nepakati nekusatevedzera tsika dzepasichigare dzemabasa akasiyana pakati pavanhukadzi nevanhurume?

Mhinduro: Mumusha munoitwa unoratidza k ruenzanisoa krwemubhaibheri ndiwo chete unosimbisa mhuri).

---

Kana zvazvo munhu mumwe chete angakundwa, asi vaviri vanokwanisa kuzvidzivirira. Rwodzi rwakakoshwa mutatu harungakurumidzi kudamburwa. (Muparidzi 4:12)

Ukatapudza simba rerunhangandi rumwe hachisi chinhu chinoshimbisa rundaza. Ukama chaihwo hwakasimba hunoonekwa nekuremekedzana. Kana zvikawiriranwa kuti vabereki vose vari vaviri vanobatsirana pakutakura mutoro nekuita zvinofanira kuitwa zvinove zvakanakira mhuri, chinhu chinowedzera kakapetwa kaviri pundutso kuvana. Kukurudzira vabereki kutsvaga kuda kwaMwari nezveupenyu hwavo hazvirevi kuti vana havakosheswi kana kuti havasi ivo vanotanga kucherechedzwa mumhuri. Asi kuti chinhu chakanaka kuti vabereki vave semuenzaniso kuzvipira kutsigirana mumabasa avo, pangave pakushanda pamusha nguva dzose kana kunze kwemusha kana zvese pamwechete.

Rundaza rwechitatu ndi Jesu Kristu, anova Ishe wemusha. Panokudzwa Kristu uye panoremekedzwa munhu wese, rudo runogara ipapo.

Ngazvigare mupfungwa dzenyu kuti pane yemisha sina amai kana baba. Pakadai apa, hazvibatsiri kuti mubereki anenge aripo amakidzere kuti paitwe zvinonzi vanhurume chaivo kana vanhuadzi chaivo vanofanira kunge vachiita seizvi Mhuri idzi dzinosimbiswa nerunzwisiso uye rubatsiro runobva mumuviri wose waKristu.

# *Jesu neVanhukadzi*

---

Mubvunzo: Sei Jesu asina kusarudza vadzidzi vechinhukadzi?

Mhinduro: Varume vechiJudha vakasarudzwa nekuti vaigona kuzadzisa basa radiwa kuitwa panguva iyoyo. Parizvino tose takadanwa kuzozadzisa Murawu Mukuru.

---

Akagadza vanegumi navaviri kuti vagare naye, avatume kuti vaparidze, uye kuti vave nesimba rokudzinga mweya yakaipa (Marko 3:14-15).

Richard naCatherine Kroeger vanotsanagura, “Jesu pachokwadi aiva neboka revanhukadzi vaaishanda umira navo uye vaaifamba naye pakuparidza kwake. Asi kuti avatume vari vega kunoparidza nekuporesa vanorwara zvakanga zvisingagoneke. Vadzidzi veTalmud vakanga vakakomekedzwa kuti vasafe vakataura nemunhukadzi dzimai pane vanhu, kunyangwe vakadzi vavo. Uye vaisabvumidzwa kukurukura zvinhu zvaMwari nemukadzi nekuti izvi zvainzi zvinokwezvera kurutadzo dhonzera muchivi...Jesu ainzwisisa zvakazara kutendeuka kwaifanira kutanga kutora nzvimbo maitiro aya asati ahanduka” (7).

Zvakakoshazve kuti tizive kuti pakanga pasina mudzidzi aiva Wekunze kana kuti asiri muJudha. Saka, kana vadzidzi vaiva muenzaniso veutungamiri hwemukereke, zvinoreva kuti varume vose vasiri maJudha havakwanisi kutungamira.

---

Mubvunzo: Vanhukadzi vane zvavakaita here mubasa raKristu?

Mhinduro: Jesu airemekedza vanhukadzi uye kuvapa zvokuita mubasa rake chaive chinhu chisiri chemazuva ese!

---

### **Mudzidzi vechikadzi**

Zvino shure kwaizvozvo, wapakota nokumaguta nemumisha achiparidza nokudzidzisa Evangeri youshe hwaMwari. Vvnegumi navaviri vanaye. *Nnavamwe vanhukadzi* vakanga vaporeswa pamweya yakaipa napazvirwere, vaiti: Maria (anonzi Magadarena) iye akanga abuda mweya yakaipa minomwe maari; naJohana mudzimai wsaKuza, mutariri weimba yaHerude; naSusana nevamwe vazhinji. Vanhukadzi ava vaivatsigira kubva mukushanda kwavo pachavo (Ruka 8:1-3; pane kukomekedza kwakaitwa).

Vakadzi vaisaverengwa kunyangwe pamagungano, asi Jesu aigamushira rubatsiro rwavo nemari yavo.

### **Jesu anodzidzisa vanhukadzi**

Zvino Jesu nevadzidzi vake vakati vachifamba, akapinda muno mumwe musha, mumwe mukadzi ainzi Marita akamugamuchira mumba make. Iye akanga anomunun'una wainzi Maria, wakagara tsoka aJesu achiteerera zvaaitaura. Asi Marta wakanga achishangazhika nokushanda zvikuru, akauya akati, “Ishe hamuna hanya nazvo here muchiona munun'una wangu achindirega ndichishanda ndoga here? Muudzei kuti andibatsire!” Ishe akapindura akati “Marita! Marita!” unofunganya nokuzvitambudza nezvinhu zvizhinji asi chinhu chimwe chinodikanwa nokuti Maria asarudza zviri nani zvaasingazotorerwi (Ruka 10:38-42).

Vakadzi vairambidzwa kudzidza panguva yaJesu. Zvisinei, Maria paakatora chinzvimbo chokuve mudzidzi patsoka dzaJesu, Jesu akamudzidzivira

kodzere yake yekudzidza. Cherechedza kuti nekuda kwesarudzo iyi Jesu anoti, “Hazvizotorwi kubva kwaari”, kunyangwe zvazvo vazhinji vakaedza.

### **Mudzimai Muvhangeri**

Pakarepo vadzidzi vake vakasvika vakashamiswa vachiona kuti unotaurirana nomukadzi. K kunyangwe zvakadaro, hakuna mumwe akabvunza kuti, “Munotsvakeiko?” kana kuti, “Munotaurireiko naye?”. Ipapo mukadzi akasiya chirongo chake akaenda muguta akati kuvanhu, “Huyai muone munhu wakandiudza zvose zvandakaita. Ko uyu angava ndiye Kristu here?” Vakabuda muguta vakaenda kwaari ... VaSamaria vazhinji veguta iro vakatenda kwaari neshoko romukadzi kapupura achiti “Wandiudza zvose zvandakaita.” (Johane 4:27-30, 39).

Vakadzi vaisataurwa navo pane vanhu uye vaionekwa semiedzo inokwezvera kuzvivi, asi Jesu akashamisa vadzidzi vake paakatanga hurukuro nemukadzi aisaremekedzwa pastime. Iyi ndiyo hurukuro yaJesu yakarebesa yakanyorwa pasi yaakaita nemunhu pasina vanhu. Akabva amukurudzira kuti ave muvhangeri muguta rake. Nekuda kwekupupura kwake, vazhinji vakatenda kunaJesu.

### **Jesu Anodzidzisa Zvinofarnira Kutungamidzwa**

Zvino lipapo Jesu achitaura izvozvo, mumwe mukadzi pakati pavanhu vazhinji akadanidzira akati kwaari, “Vakaropafadzwa mai vakakubereka vakakuyamwisa.” Akapindura akati, “Vakaropafadzwa zvakanyanza vanonzwa shoko raMwari vachirichengeta” (Ruka 11:27-28).

Vanhukadzi vainyanzokosheswa sevabereki vevana, asi Jesu akati zvakanyanzokosha kuva mudzidzi.

### **Vanhukadzi Vodzidzisa Vadzidzi nezveKumuka Muvafi kubva**

Zvino vakadzi zvakakurumidza kubva pabwiro vachitya nokufara zvikuru, vakamhanyira kundoudza vadzidzi vake. Pakarepo zvino tarira, Jesu vakasangana navo. “Kwazivai” akadaro. Vakauya vakabata tsoka dzake, vakamunamata. Zvino Jesu akati kwavari, “Musatya henyu. Endai mundovudza hama dzangu kuti vaende Garirea, ikoko vachanondionako” (Mateo 28:8-10).

Uchapupu hwemunhukadzi kwaisatambirwa mumatare edzimhosva asi Jesu akasarudza vanhukadzi vaviri kuti vave zvapupu nekuzivisa nezvekumuka kwake kuvakafa.

Jesu haana kubvira akambodzidzisa nezvekudzikizirwa pasi kwavanhukadzi. Akauya kuzodzorera zvakanga zvakonzereswa nekukoromoka uye maitiro ake kuvanhukadzi anotaridza izvi. Jesu akadzikinura vakadzi kubva muzvivi nekubva mukupiwa mhosva uye nekuvasunungura!

# Zvipo Zvemweya

---

Mubvunzo: Mwari anopa zvipo zvemweya kuvatendi, asi hazvina kusiyana here pakati pevanhukadzi nevanhurume?

Mhinduro: Mwari anopa zvipo zvemweya sekudiwa kwazvinoita; zvipo hazvina kumbobvira zvapatsanurwa nekuti uyu munhukadzi kana munhurume.

---

... izvi ndizvo zvakataurwa nemuporofita Joeri achiti, “Namazuva ekupedzisira, Mwari anoti, ndichadurura Mweya wangu pamusoro pevanhu vose. *Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita*, majaya enyu achaona zviratidzo, nevatana venyu vacharota zviroto. Nyangwe pamusoro pavaranda vangu, *varume nevakadzi*, ndichadurura Mweya wangu pamazuva iwayo uye vachaporofita” (Mabasa avaapostora 2:16-18; pane kukomekedza kwakaitwa).

Asi *mumwe nomumwe* unopiwa kuratidzwa kwoMweya kuti vose vabatsirwe ... Asi izvi zvose zvinoitwa noMweya iwoyu mumwechete unogovera *mumwe nomumwe* sezvaanoda (1 VaKorinte 12:7, 11; pane kukomekedza kwakaitwa).

Tine zvipo zvakasiyana zvichienderana ne nyasha dzakapiwa mumwe nemumwe Kana chipo chako kuri kuporofita kunoenderana nekutenda kwako; kana kuri kudzidzisa, naizvozvo dzidzisa; kana kuri kukurudzira, ipa kurudziro; kana kuri kupa, ipa nomwoyo wose; kana kuti kutungamira, ita nekuzvipira; kana kuri kuitira ngonzi, ngaaita nomufaro (VaRoma 12:6-8).

Mumwe nomumwe wenyu anofanira kushandisa chipo chaakapiwa kushandira vamwe *sevatariri vakavimbika* venyasha zhinji dzaMwari nokusiyana kwadzo (1 Petro 4:10; pane kukomekedza kwakaitwa).

Pose panotaurwa nezvezvipo muTestamente Itsva, hapana panoratidza kusiyana kwemunhurume kana munhukadzi, kunyangwe maringe nezvipo zvinonzi ndezveukuru. Zvinokanganisa basa revhangeri kana chimwe chidimbu chepakati cheuwandu hwevanhu chisingapihwi mukana wekushanda sekupiya kwavo zvipo.

Jesu akatiudza munaMateo 9:37-38, “...Zvirokwazvo kukohwa kukuru asi vabati vashoma. Naizvozvo kumbirai kunaShe wokukohwacheka kuti atumire abudise vabati mumunda wake unoda kukohwiwa pakucheka kwake.” Nemhaka yei munhuwo zvake achida kudzivisa vanhu vaMwari kushanda?

Muna 2004, paungano reLaussane Committee for World Evangelism Forum rakaitirwa kuThailand, vanhu vanokwana 1 530 kubva kunyika 130 vakaungana kuzoita hurukuro yekusimbisa, “kereke yose kuti Vhangeri riende pasi rose”. Chimwe chakasimbaradzwa ndechekuti, “Tinobvuma pakare hupirista hwevatendi vose uye tinoraira kereke iwanise zvikwanisiro, kukurudzira nekupa tender nemvumo kuvanhukadzi, vanhurume nevechidiki kuti vazadzikise basa ravo sezvapupu, nevashandi pamwechete mubasa repasi pose rekupupura vhangeri. (8).

Gilbert Bilizekian anonyatsobudisa izvi pachena paanoti: “Ishe wedu katsanangura zvichawira avo vanofutsira matarenda kunze kwekumashandisa zvizere mukukwidziridza mabasa umambo hwaMwari (Mateo 25:30). Zvinovhundutsa kufunga nezvechirango chakakura kudarika apa: zvichawira vatungamiri vemakereke vanomanikidza vatendi vari pasi pavo kuviga zvipo zvaMwari zvamatarenda avo panzvimbo yekuvakurudzira kuti vashandise zvose zvavainazvo mubasa reumambo hwaMwari” (9).



# *Vanhukadzi Mubhaibheri*

---

Mubvunzo: Ko vatungamiri vose mukereke yekutanga vaisava vanhurume here?

Mhinduro: Takatarisana netsika nemagariro, mune uwandu hunoshamisa hwevatungamiri vechinhukadzi muTestamente Itsva.

---

Magwaro anoyera anotsanangura vanhukadzi vakawanda vaiva nezvigarozveutungamiri. Havana kunyanya kutaurwa nezvavo sezvaitwa vanhurume nekuda kwemagariro emazuva iwayo. Asi dai zvakanga zvisina kunaka kuti vanhukadzi vatungamire kana kudzidzisa, vangadai vasina kumboiswa pazvigaroz kana kutaurwa nezvavo muMagwaro anoyera.

- Anna (Ruka 2:36-38) nevanasikana vana vaFiripi (Mabasa aVaapostora 21:8-9) vaiva vaporofita.
- Priscilla akadzidzisa pamwe naAquila nzira dzaMwari kuna Aporo (Mabasa aVaapostora 18:24-26), akatangisa kereke yaiva mumusha mavo (1 VaKorinte 16:19) uye akadanwa semubati pamwe naPauro (VaRoma 16:3).
- Febhi aiva mudhikoni mukereke uye mubatsiri kuna Pauro (VaRoma 16:1-2).
- Ridia akasangana nevatendi mumba make uye akagamuchira Pauro naSirasi (Mabasa aVaapostora 16: 13-15, 40).
- Junia aiva muapostora (VaRoma 16:7).
- Yuodia naSindike vaishanda pamwechete naPauro (VaFiripi 4:2-3).

# Runyararo

---

Mubvunzo: Ko Bahibheri hariti here vakadzi vasataure mukereke?

Mhinduro: Gwaro riri kuna VaKorinte rinoti vanhukadzi vanofanira kunyarara rinoreva gwara remaitirwo ezvinhu panguva iyoyo. Hazvinei nekugona kana unhu hwevanhukadzi mazuvano.

---

Ngazviitwe zvose kuti kereke uimbike. Kana pane mumwe anotaura ndimi imwe chete kana kuti mbiri kana kuti dzisingapfuuri nhatu, panofanira kunge paine anodzidudzira. Asi kana pasina unodudzira, mutauri ngaanyarare mukereke, ngaazvitaure iye pachake nokutaura naMwari. Vaprofita ngavataure vaviri, kana vatatu navamwe vachinzvera nokupima zviri kurehwa. Zvino kana chimwe chinhu chikazarurirwa mumwe ugerepo, mutauri wokutanga ngaanyarare. ....nokuti Mwari haazi Mwari wenyonganiso asi worugare sapakereke dzose dzavanhu vaShe. Vanhukadzi ngavanyarare pamukereke. Havatenderwi kutaura asi ngavaziise pasi sezvimoreva murairo. Kana vachida kudzidza chinhu ngavabunze varume vavo kumba nokuti zvinotsverudza kuti munhukadzi atoure mukereke (1 VaKorinde 14:26b-30, 33-35).

Mukore uno hazvichatsverudzi kuti munhukadzi atoure mukereke. Asi chokwadi chaicho ndechekuti vanhu vazhinji vari kutokanganisika pakutenda kwavo nekuda kwekuti vanoona chiKristu sechetendero chevanhurume chete.

Dzidziso huru iri mugwaro iri reVaKorinde deyekuti panofanirwa kuva nekurongeka panguva yekunamata. Cherechedzai kuti havasi vakadzi chete

vakanzi vanyarare. Munhu wose aizotaura nendimi aifanira kunyarara kana pasina mududziri. Uye kana mumwe muporofita achitaura, mumwe akave nezvaaoneswa wekutanga aifanira kunyarara. Nguve yekunamata yaifanira kuva yakarongeka nekuti Mwari ndiMwari werugare.

Craig Keener anonyora achiti, “Karekare, mutsika namaitiro ekuMediterranean zvaisbvumidza kuti munhukadzi anoremekedzeka ataure nevanhurume vaasina ukama navo...Vanhukadzi vaiva vasina kunyanyodzidza kana zvichienzaniswa nevanhurume, chinova chinhu chisina angachiramba kune munhu wese anonyatsoziva zvinyorwa zvekarekare....Pauro anoda kuti parege kuitika zvingatarisirwi pamagariro netsika kubudikidza nekukurudzira vanhukadzi kuti varege kubvunza vamwe vanhurume pakaunganwa asi haadi kuti vanhukadzi vasadzidze....Nekunzwisisa kwakawedzerwa vanogona kuzokwanisa kupakura pfungwa dzavo muruzivo rune kufunga kwakadzama mumasangano muno imo makare mavaikwanisa kunamata nekuporofita. Kana tichizvitarisa nenzira iyi, nyaya chaiyo haisi yekuti uri munhurume kana kuti munhukadzi, asi kuita zvinotarisirwa nekuve nedzidzo izvi zvese hazvingatadzisi kuti mazwi evanhukadzi anzwike mukereke nhasi” (10).

Uyewo, dai Pauro airevera kuti vanhukadzi vanofanira kugara vakanyarara, angadai asina kupa dzidziso yekuti vafuke misoro yavo pavanenge vachinamata nekuporofita mukereke mundima nhatu tisati tasvika pane iyi (1VaKorinde 11:5).

# *Simba Nekudzidzisa*

---

Mubvunzo: Sezvo Bhaibheri richiti vanhukadzi havafaniri kudzidzisa kana kuva nesimba pamusoro pevanhurume, hazvirevi here kuti vanhukadzi havafaniri kuva vadzidzisi kana vafundisi?

Mhinduro: Gwaro rinotara manganhu wesimba ravanhukadzi munaVaEfeso rinogona kushandiswa mazuvano tichiti vanhu vasina kudzidziswa havagoni kurwisa dzidziso dzenhema.

---

*Munhukadzi anofanira kudzidza* murunyararo nemuzvideredza kwakaperera. Asi handitenderi munhukadzi kuti adzidzise kana kuti ave nesimba pamusoro pomunhurume asi ngaanyarare. Nokuti Adam akatanga kuvumbwa, tevere Eva. Uye Adam akanga asiri iye aizonyengedzwa asi kuti mukadzi wakanyengerwa akave mutadzi. Asi vanhukadzi vachaponeswa nokubereka vana - kana vachirambira mukutenda, mu rudo noutsvene pamwe nokutevedza magariro akanaka anotarisirwa. (1 Timoti 2:11–15; pane kukomekedza kwakaitwa).

Dzidziso huru iri pano ndeyekurwisa dzidziso dzenhema. Kushushikana uku kunobva kwaturwa pakarepo muna1 Timoti 1:3.

Sezvandakakumbira zvikuru kwauri ini ndichienda Makedonia, ndinoti gara paEfeso kuti uraire vamwe vanhu kuti varege kudzidzisa dzimwe dzidziso dzenhema (1 Timoti 1:3).

Pauro anowedzera kuti vanhukadzi ndivo vainyanyotsvagwa nevadzidzisi venhema:

Ndivo vaya vanotukutidza chinyararire vachipinda mudzimba vachirunzira vanhukadzi vasingatani kunyengereka ...(2 Timotio 3:6a).

### **“Munhukadzi anofanira kudzidza”**

Mazwi mana ekutanga emundima iyi asi akasiya zvikuru nemamwe ekare asi anovanzosvetukwa. Pauro akati vakadzi vanofanira kudzidza. Aifunga kuti nzira kwayo yekurwisa dzidziso dzenhema kuburikidza nedzidziso chaiyo. Uye vakadzi vanofanira kudzidza nenzira dzakanaka dzevadzidzisi vavo: vakanyarara uye vachiremekedza mudzidzisi vavo.

### **“Handibvumidzi kuti mukadzi adzidzise”**

Zviri pachema kuti Pauro anoreva kuti vakadzi havabvumidzwe kudzidzisa vasati vadzidziswa zvakanakwana nekuti anorumbidza kugona kudzidzisa kwaPrisira (Mabasa aVaapostora 18:24–26 naVaRoma 16:3–5). Uye cherechedzai kuti aidzidzisa nemurume wake, Akwira paEfeso, mukereke imwechete yakagamuchira tsamba ine gwaro irori.

### **“Kana kuva nesimba pamusoro pemunhurume”**

Rebecca Merrill Groothuis anoti, “Izwi riri paverse ya12 rekuti *“authority”* (*authentain*) kana kuti “simba” harisi izwi rimwe rakarero rakashandiswa mune dzimwe ndima muTestamende Itsva kureva ukuru (*exousia*). Chokwadi chaicho ndechekuti iri izwi risingawanikwe kumwezve muTestamende Itsva. Pamusoro pezvo, izwi rine dudziro dzakawanda muChiGiriki chakare, zvokuti dzimwe dudziro dzacho dzirisingangorevi simba chete asi pamwe pachoreva raitoreva mhirizhonga” (11).

Pauro chaizvoizvo zvaanorambidza unhu hwemhirizhonga nekuzvitutumadza zvinova zvisina kukodzera kumutendi vwose.

### **“Anofanira kunyarara”**

Vakadzi vaifanira kudzidza vakanyarara uye kuti varege kukanganisa kufamba kwakanaka kwekudzidzi sezvaitarisirwa vadzidzi vese vemitemo.

## **“Adam akatanga kuumbwa”**

MunaGenesisi Mwari akapa mutemo wekusadya “muti weruzivo” akanangana naAdam, Eva asati asikwa. Saka Eva haana kupiwa mutemo akanangwa pachake naMwari. Rebecca Merrill Groothuis anotsanangurazve: “Nyaya iripo patsananguro iyi ndeyekuti kuti parege kuva nekunyengera uye kurasika kwakakura avo vasinganyatsozivi Sshoko raMwari (sezvakanga zvakaita Eva nevakadzi vepaEfeso) vaifanira kutsvaga ruzivo kubva kune avo vainyatsoziva (sezvakanga zvakaita Adam nevarume vaiva vatungamiri mukereke yepaEfeso)” (12).

## **“Kuponeswa kuburikidza nekubereka vana”**

Izvi zvakaoma kunzwisisa asi heino imwe tsananguro: Temberi yaAtemisi yekuEfeso ndiyo yaiva chimwe chezvishamiso zvinomwe zve pasi rose makareko. Yaiva yakakura uye iine imba yekuchengetera upfumi yaiva nevatariri mazana mana. Atemisi ainamatwa samwari aibatsira vanhukadzi kunyanya pakusununguka. Pauro anogadzirisa maitiro aya nekudzidzisa madzimai kuti havafaniri kutarisira kunaAtemisi kuti avachengetedze pakusununguka asi kuti vanofanira kuisa kutenda kwavo kunaJesu. Mimi Haddad anonyora kuti, “Mukurwisa dzidziso dzenhema paEfeso, Pauro anotaura kuti vanhukadzi vachaponeswa kuburikidza nekusununguka vana. Pauro ari kureva here kuti vanhukadzi vachaponeswa pakubereka vana kwete kuburikidza nekunamata Atemisi, asi kuti nekuramba vakatendeka kunaKristu?” (13).

Craig Keener anoburitsa pachena chinhu chakakosha: “Bhaibheri rinobvumidza ushumiri hwavanhukadzi kana zvinhu zvese zviriro sezvazviriro mazuva ose zvakarirana uye rinorichirambidza chete zvinhu pazvinenge zvisina kumira samazuva ose pane dzimwe nguva...Ndima imwe Gwaro rimwechete muBhaibheri rinorambidza pachena vanhukadzi kudzidzisa muBhaibheri—zvichienzaniswa nendima zhinji dzinobvumira vanhukadzi kutaura shoko raMwari—rinongodzwa kukereke imwechete iyo yatinoziva kuti vadzidzisi venhema vainanga madzimai” (14).

Muchidimbu, kunze kweapo neapo, dzidziso yeMagwaro Matsvene ndeyekuti zvipo zvose zvakapiwa vanhukadzi nevanhurume uye vanofanira kukurudzirwa kuzvishandisa muushuimiri hwakasiyana-siyana. Hatingatarisiri kuva maoko nemakumbo aMwari kunyika kana chimwe chidimbu chapakati nepakati chakasungwa!

# *Kuve musoro*

---

Mubvunzo: Bhaibheri haritauri pachena here kuti murume ndiye musoro wemba?

Mhinduro: Bhaibheri harina kumbobvira rati murume ndiye musoro wemba. Rinotaura kuti munhurume ndiye musoro wemunhukadzi uye Mwari ndiye musoro waKristu. Mukushandiswa kwaro “musoro” izwi rinogona kureva “panobva upenyu” pakati pevanhu kana mukati meUtatu hwaMwari.

---

Asi ndinoda kuti muzive kuti musoro womunhu ega ega ndiye Kristu uye kuti musoro wemunhukadzi ndiye munhurume (1VaKorinde 11:3)

Musoro kana kuti “*kephale*” rinovanzofungwa kuti rinoreva simba. Asi rinogona zvekare kududzirwa sekunobva zvinhu (*source*) sezvingaita kunotangira rwizi.

Pane zvikonzero zviviri zvingaite kuti izwi rekuti “musoro” riri muna 1 VaKorinte 11:3 rinogona kureva “kunobva upenyu” kwete “mutungamiri ane simba.” Chekutanga, maridzi ukama anodomwa neurongwa hwekukura kwawo kwakabwiwa. Gilbert Bilezikian anoti, “Matanho anobatanidza mashoko aya haasi ehukuru asi ekutevedzana kwenguva. Pakusikwa, Kristu ndiye aiva mupi weupenyu kumunhurume sekwakabva upenyu hwaAdam. Kubvezvo divi, munhurume akapa upenyu kumunhukadzi sezvo abva munhurume. Pedzevo, Mwari akapa upenyu kuMwanakomana paakauya achizvarwa panyika semunhu. Kana kutevedzana kwemitsara mitatu iyi mubhaibheri kukasabatwa-batwa zvisiri izvo “musoro” mundima iyi zvinoreva muranda anoshanda ari mupi weupenyu” (15).

Kutarisa mashandiro epfungwa iyi chinhu chinoshamisa. Sekunyora kwaMimi Haddad, “Muna Genesisi Mwari akasika munhukadzi kubva mumuviri wemunhurume. Zvimwechetezvo, Kristu ndiye mavambo nekunotangira kereke. Kristu akafa kuti vamwe vauye kuupenyu. Zvimwechetezvo, vanhurume vanofanira kuda vakadzi vavo vachizvipira - semuviri vavo. Izvi zvinoratidza pfungwa yeumwechete hwakadzama” (16).

Chechipiri, kuti titi “musoro” unoreva “mutungamiri ane simba” zvingareva kuzviisa pasi kwemumwe muUtatu hwaMwari, zvinova zvakaonekwa sedzidziso isiri iyo munhorondo yese yekereke.

Ngatitarisei zvakanaka gwaro iri tichidudzira “*kephale*” se “mutungamiri ane simba”:

- Mutungamiri ane simba kumunhurume wese ndiKristu (hongu).
- Mutungamiri ane simba kumunhukadzi munhurume (pamwe).
- Mutungamiri ane simba panaKristu ndiMwari (kwete - Jesu haasi pasi paBaba nekusingaperi).

Kevin Giles anotsanangura kuti, “MaKristu ose anobvumirana kuti pakauya Mwanakomana akazviisa pasi paBaba. Mubasa rake akatora chinzvimbo chemuranda. Asi maKristu mazhinji haaatendi kuti kuzviisa pasi kweMwanakomana paakauya panyama hausihwo ukama huripo pakati paBaba neMwanakomana nekusingaperi uye hazvisizvo zviru muUtatu hwaMwari. Muna VaFiripi 2:5-11, Pauro anotaura kuti Mwanakomana aiva akaenzana naBaba asati azvipira nokuzvidurura kuti ave munhu uye kuti afire pamuchinjiko, uye kuti mushure meizvi akakwidza kusvika pakutonga saIshe” (17).

Ndima iyi inonyatsonzwisika kana “*kephale*” achidudzirwa se “kunobva upenyu”:

- Munhurume wese akabva kuna Kristu (hongu).
- Munhukadzi wose akabva kumunhurume (hongu-pakusikwa kwemunhukadzi akaumbwa kubva muamunhurume).
- Mavambo aKristu ndiMwari (hongu-Jesu akatumwa kubva kuna Mwari Baba achizvarwa panyama).



Chinotevera tarisai ndima dzinotsanangura Jesu semusoro wekereke. Cherechedzai kuti hadziatsananguri basa rake semutungamiri kana mubati wamasimba. “Musoro” unotsanagura Jesu sekunobva upenyu pakutanga uye ruponeso uye mupi wekukura kwezvinhu.

Mwari akaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake akamupa kereke, kuti ave musoro wezvinhu zvose, unove iwo muviri wake, kuzara kwaiye *unozadza zvose nenzira dzose* (VaEfeso 1:22-23, pane kukomekedza kwakaitwa).

Asi kutoti kana tichitaura chokwadi murudo *tichakura pana zvose kuve muviri wayaruka wake iye anove musoro anova ndiye Kristu*. Kubva kwaari, muviri wose wakabatana nokubatanidzwa nemarunda ese anotsigira *unokura uchizvivaka murudo* mutezo mumwe nomumwe uchibata basa rawo (VaEfeso 4:15-16, pane kukomekedza kwakaitwa).

Vakarasa kubatana kwavo nemusoro, *uyo unobva* kukura kwese kwemuviri, wakabatanidzwa nekutsigirwa pamwe nemarunda nezvinobatanidza nyama namabhonzho, *sekusakiswa kukura kwazvo naMwari*. (VaKorose 2:19, pane kukomekedza kwakaitwa).

Belezekian anotsanangura kuti, “MuTestamende te Itsva mune mienzaniso yakawanda yevatungamiri muzvinhu zvakasiya-siyana; vatungamiriri vezvichitendero, vatungamiriri vematunhu, vatungamiriri vemaoto, vatungamiriri vehurumende, vatungamiriri vemadzinza, nevatungamiriri vemakereke. Hapana kana mumwe wavo anombonzi “musoro” kana kuti “musoro wezvechii.” Tsananguro iri pachena ndeyekuti “musoro” zvaisareva “mutungamiri” mumutauro vemuTestamende Itsva. Zvimoreva izwi rekuti “musoro” semashandisirwo arakaitwa muna 1 VaKorinde, VaEfeso neVaKorose zvinotivitsa pawirirano yekuti nyaya yezvemusoro muTestamende Itsva inotsanangura basa raKristu semusoro wechitubu cheupenyu nemupi wekukura uye basa ra semuranda anopa uye anochengeta” (18).

Kana usati wagutsikana ndinokuti uverenge rondedzero yaBerkeley naAlvera Mickelsen inonzi “*Kephale* zvinorevei muTestamende Itsva?” Hezvino zvishoma: “Duramazwi rakazara remazwi eChiGiriki-ne ChiRungu (rinobata zvizere nguva dzanaHomer, chinyakare chengano dzeMaGiriki kusvina munguva yekoine) rinowanikwa parizvino rine mabhuku maviri anopfuura

mapeji zviuru zviviri akabatanidzwa naLiddel, Scott, Jones naMcKenzie rakanyorwa muna1843. Duramazwi iri rinopa nemienzaniso yedudziro rezwi *kephale* sekuzikanwa kwaro nguva dzose. Mumunganidzwa wavo wamazwi *kephela* hairevi “masimba”, “chikundya,” “mutungamiri” “mukuru webasa”, kana chimwe chine dudziro yakada kufanana” (19). VanaMickelsen vanonyora mapeji gumi nemana vachitaura nezveGiriki. Mhinduro yaPhilip Barton Payne kuna Mickelsen ndeyekuti, “VaMickelsen havanyotsodonongodze nyaya yavo pakushandiswa kweGiriki. Tichisanganisira bhuku ravo ra1968, rinonzi duramazwi raLiddell naScott panodomwa mazwi makumi mana nemasere egudziramukanwa angangoreve *kephale* kuChiRungu. Pane ese hapana rinoreva mutungamiri, ukuru, wekutanga kana ari pamusorosoro” (20).

Muchidimbu, panzvimbo yekuti vanhurume varambe vakawira mune zvakaita mushure mekukoromoka, zvinosanganisira kutonga vakadzi, Mwari anoda kuti madzibaba vawe mavambo cheupenyu nekurudziro kumadzimai avo! Sezvakangoita Jesu kwatiri!

Merrill-Groothuis anowedzera achiti, “Chinoshamisa pazviri, kunzwisisa musoro wemunhukadzi nedudziro yemutungamiri wemukadzi zvinopikisa chinangwa chebhaibheri chemusoro semupi weupenyu, utano nekukura kwemukadzi. Munhu haakwanise kukura zvakazara pamweya, pamanzwiro ake mumafungiro kana asingapihwe mukana wekuzvimiririra neupenyu hwake, kana achitorwa semwana anomirira kuitirwa sarudzo nemumwe munhu... Ukuru muwanano hunoita zvekare kuti murume asakure paunhu neutsvene otadza kudzidza nekudanana nemumwe wake muushamwari wakaenzana wekushumira muuUmambo waKristu” (21).

# *Kuzvideredza*

---

Mubvunzo: Bhaibheri rinoti vakadzi vanofanira kuzviisa pasi pevarume vavo. Hazvina kunaka here kana zvikaitwa mungwaru paine kubatsirana?

Mhinduro: Kuzviisa kwevakadzi nekuteerera kwevaranda zvaitarisirwa pacentury yekutanga. Asi Pauro anoraira dzimba dzemaKristu kuzvibata nenzira itsva: kuzviisa mumwe pasi pemumwe!)

---

Muchizviisa pasi mumwe pasi pemumwe, muchitya Kristu. Imi vakadzi muzviise pasi pavarume venyu chaivo sezvamunoita kunaShe....imi varume idai vakadzi venyu Kristu sezvaakada vo kereke akazvipa nokuda kwayo....musingabati kana muchionekwa bedzi sevafadzi vavanhu asi sevaranda vaKristu vanoita kuda kwaMwari nomwoyo wose...nemi madzisho muvaitire saizvozvo murege kuvatyisa nokuti munoziva kuti Ishe vavo nowenyu urikudenga haatendi zvinovonekwa zvomunhu” (VaEfeso 5:21-22, 25; 6:5, 9a,zvakatsimbidzirwa).

Kuzviisa mumwe pasi pomumwe ndogwaro rakakosha apa, rinotiudza kuti tingazadzwe sei noMweya mudimba dzedu (VaEfeso 5:18). Pauro aishandisa kuzviisa kwemukadzi pasi pemurume wake mutsika idzodzo semuenzaniso wekuti isu tinofanira kuzviisa mumwe pasi pemumwe sei. Kuteerea kwemadzimai nevaranda kwaidiwa nemutemo wechiJudha neChiRoma uye waibvumidzwa mutsika dzavo. Asi pakereke yekutanga chinhu chekutanga chaiwa chekuperidza Vhangeri kwete kukanganisa mitemo. Saka apauro arikutsanangura zvinofanira kuitwa mumamagariro aitungamirwa nevarume, nehunhu wakanaka hwechoKristu-kuzviisa pasi

(kwete kuteerera) nerudo (kwete kutonga).

J. Lee Grady anotaure muchidimbu, “Kuzviisa mumwe pasi pemumwe kwete nepfungwa yeukuru kana kutonga mumwe pamusoro pemumwe asi nepfungwa yekudanana nekukudzana, zvinofanira kuitika mumuviri waKristukuitira kuti paonekwe rudo rwaKristu munyika” (22).

# Mhedziso

Vakadzi nevarume kazhinji vanokanganiswa mukubva muukama hwakanaka neushumiri hwakanaka nekuda kwenzira imwechete yekududzira nayo Magwaro mashoma. Hakasi kekutanga izvi pazvakaitika. MuAmerica kuma1800, vaisimbisa zveuranda vaizemberera zvikuru pakududzira bhaibheri. Vaiti Jesu aitaura zvakanyanya nezvevaranda mufananidzo dzake, kuti VaGaratia 4 anoshandisa mifananidzo yeuranda uye VaEfeso 6 inotiudza kuti veranda vanofanira kuteerera madzishe avo. Stan Gundry anoti, “Rimwe zuva maKristu achanyara sechechi inomiririra ukuru hwevarume sezvazviri nhasi apo bhaibheri rinomiririra zveuranda” (23).

Magwaro anofanirwa kududzirwa zvichienderana nemashandisirwo, nguva yaakanyorwa nedingindira raivapo. Cherechedza kuti zvakanyorwa izvi zvinoenderana neshoko reBhaibheri here:

- Mudzimai akavhurika arikuenda kuchikoro anoudzwa kuti anogona kupupura zvake muchidimbu kunevanhu asi paneimwe nzvimbo chete muchikoro asingataure chinhu chinotaridza kuti arikudzidzisa.
- Mwana anoregedza kurapwa nekuti zvatsvagwa neamai uye ndiwo wapihwa mazano, nekuti baba havawirirane nazvo.
- Mudzimai aribudirira zvikuru muushumiri hurikukura anodzingwa panopinda varume vatsva avo vanotenda kuti vakadzi havafaniri kutungamiririra.
- Mudzimai anoshungurudzwa panyama nemashoko nemurume wake mushumiri mukereke. Mufundisi wake anopa zano rekuti haafaniri kumutsamwisa asi kuzviisa pasi pake nekunamamata.
- Mudzimai arikuchikoro chepamusoro anorambidzwa kuita zvaanoda pashure pezvo oudzwa kuti urongwa hwaMwari kwaari ndehwekuti

aroorwe. Anoudzwa kuti hakwanisi kunyatsoshumira murume wake  
achisevenzera kure nemusha.

Ndinobvumakuti pane maonero akasiyana panyaya iyi. Asikana tichikanganisa  
ngatiregei kukanganisa tichidzivisa basa raMwari. Ngatikurudzirei muviri  
vose vaKristu kuti ushandise zvipo kunyika yose. Zvinodiwa zvakawanda uye  
Mwari anoziva...munhu wese anodiwa!

# *NezveCBE*

CBE International (CBE) isangano risingaiti zvemari remaKristu vechirume nevechikadzi vanotenda kuti Bhaibheri, rikadudzirwa zvakanaka, rinodzidzisa kukosha kwekuenzana pakati pevanhurume nevanhukadzi vemarudzi ose, vakapfuma kana varombo vose nevemazera ose, zvichibva padzidziso yeMagwaro akaita sa VaGaratia 3:28:

“Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchina wakasungwa kana wakasununguka, hakuchina munhurume kana munhukadzi; nokuti imi mose muri vamwe munaKristu Jesu” (NIV 2011).

CBE inosimudzira chokwadi chemubhaibheri chinoti vatendi vose-zvisinei nekuti vakadzi kana kuti varume, zvisinei nerudzi kana kuti vakabudurira sei-vanofanira kushandisa zvipo zvavo zvavakapiwa naMwari nesimba rakaenzana uye mabasa akaenzana mukereke, kumba kana munyika.

CBE inotsigirwa nemari dzerubatsiro kubva kuvanhu vanemuono wakafanana nevedu vekuti vatendi vose vakasungurwa kushandisa zvipo zvavo kuti Mwari arumbidzwe uye kuti zviri muchinangwa chake, vachitsigirwa zvakarara nemamwe maKristu.

## **Zvatiri**

**Tiri maKristu akazvipira kuBhaibheri.** Tinotenda kuti Bhaibheri iShoko raMwari rakafemerwa, rinovimbika naro, uye ndiro rinotonga zvakarara zvekutenda kwechiKristu nekuitwa kwaro. Tinotenda kuti chinangwa chedu chinobva pakududzira nekushandisa Bhaibheri zvakavimbika.

**Tiri mhuri yepasi rose.** VarimuCBE, vanofamba navo, nekuvakurudzira vanobva kunyika dzingapfuura makumi matanhatu uye pese pese muAmerica. Vanomiririra kupanana kwesimba pakati pevanhurume nevanhukadzi mumhuri dzavo, mumakereke, mumabasa nemutsika dzavo pasi rose. Pamwechete, tinoita kuti chinangwa chive chokwadi.

**Tinodzidza upenyu hwese.** Tinotenda kuti pane zvakawanda zvekudzidza nezvaMwari uye chinangwa chaMwari munyika, neshoko raMwari. Tinopa midziyo yedzidziso panyaya dzinechekuita nezvekuva munhurume kana munhukadzi neBhaibheri kuanhu vakasiyana siyana. Tinotsvaka kubatana nevatendi venhoroono dzese uye pamwechete tinorodza kunzwisisa kwedu.

## **Zvatinoita**

Ushumiri hweCBE hunotenderera padzidziso dzakakosha dzine chitsama.

**Zvakaparurwa.** Tinoparura bepa rinonzi, Priscilla Papers, uye chinyorwa chemagazine chinonzi, Mutuality, kana pagore. Zvinyorwa izvi zvinowana mibairo zvinowanikwa kana ukanyoresa uye zvinowanikwa pachena kunevari muCBE. Tinoparurazve zvinyorwa kuburikidza neblog rinonzi *Arise*, nemutsambanhau yedu, “Arise Weekly.”

**Zvitoro zvemabhuku.** Chitoro chemabhuku cheCBE inzvimbo yekuwana zvinyorwa zvakanakisa zvemaonero ebhaibheri nyaya dzekuenzaniswa pamabasa nedzesimba revarume nevakadzi. Bhuku rega rega ratinaro kana ratinokukurudzira rakaongororwa unaku hwaro nekubatsira kwaro neve CBE mission. Zvitoro zvedu zvemabhuku ane zvakare zvakapfuma zveruzivo zvinosanganasira zvinyorwa zvakaparurwa neCBE uye mazwi nemavideo akatapwa.

**Misangano.** Gore roga roga tinoita musangano wenyika dzose nevamwe vanamazvikokota vedzidzo nevatauri panyika pano. Misangano yedu inodzidzisa, nekukurudzira uye kusimbisa nharaunda kuti vagoverane kukosha kwekuenzana pasimba kwevarume nevakadzi mudzimba dzavo, mumakereke nemutsika.



**Vatinobatirana navo.** CBE isangano rinomiswa nevatinobatirana naro, zvichireva kuti tinozembera panevatinobatirana navo paminamato, kumiririrwa, nemari inodiwa kuita chinangwa ichi. Vanobatirana neCBE vanopiwa zvinyorwa pachena, nekuderedzerwa mari pavanotenga muzvitoro zveCBE uye vanoderedzerwa mari kupinda mumisangano.

**Zvikwata.** Zvikwata maoko nemakumbo eCBE munharaunda dzepasi rose. Zvikwata inzira yekuti veCBE varimunharaunda nevanobatirana navo vabatane nekushumira pamwechete. Vanovanzoita dzidziso, kusangana kuti vakurudzirane, kumiririra CBE kumisangano yekumusoro uye kushumira munharaunda pamwechete.

## **Shoko reChinangwa**

CBE inorarama kusimudzira kuyanana kwemubhaibheri uye nekudzidzisa maKristu kuti Bhaibheri rinodana vakadzi nevarume mukuenzana pasimba rekushumira nekutungamira kumba, mukereke nemunyika.

## **Zvatinokoshesa**

1. Magwaro ndiwo ane samba rekutitungamirira pakutenda, muupenyu nezvatinoina.
2. Kutungamira kwevarume voga handizvo chaizvo zvebhaibheri asi zvakauya nekuda kwechivi.
3. Kutungamira kwevarume voga kumbunyikidza samba, kutorera vanhukadzi zvavakapiwa naMwari: hunhu hwavo, nerusununguko rwavo, hutungamiri hwavo pamwe pachopenyu hwavo chaihwo.
4. Kuyangwe Bhaibheri richiratidza ukuru hwevanhurume, Bhaibheri haridzidzisi hukuru hwevanhurume muukama hwevanhu.
5. Basa raKristu rekudzikinura rinosunungura munhu wese kubva muukuru hwemunhurume chete, richidana vakadzi nevarume kupanana samba zvakaifanana muushumiri nemukutungamira.
6. Kugadzira kwaMwari kwehukama kunosanganisira kuvimbika muwanano pakati pemurume nemukadzi, kurarama kweasina kuroora asingaiti zveupombwe, uyu kuzviisa kwemumwe pasi

- pemumwe muchiKristu.
7. Kusarambidzwa kwekushandiswa kwezvipa zvevanhukadzi kwakakosha pabasa raMweya Mutsvene uye kwakakosha kuti vhangeri rienderere mberi pasi rose.
  8. Vateveri vaKristu vanofanira kupikisa dzidziso nemaitiro asina kunaka esimba revanhurume chete anorasira nekumbunyikidza vanhukadzi nevanhurume.

## **Maonero eramangwana**

CBE inoona ramangwana rine vatendi vose vakasunugurwa kushandisa zvipo zvavo pakurumbidza nepazvinangwa zvaMwari, vachikurudzirwa zvakazara nemaKristu arimunharaunda mavo.

# Endnotes

- (1) Linda Belleville, *Two Views on Women in Ministry* (Zondervan Publishing House, 2001; Grand Rapids, MI; James Beek and Craig Blomberg, eds). 142.
- (2) Ibid., 148.
- (3) Rebecca Merrill Groothuis, *Good News for Women* (Baker House, 1997; Grand Rapids, MI) 43
- (4) Gilbert Bilezikian, *Beyond Sex Roles* (Baker Academic, 2006; Grand Rapids, MI) 99-100.
- (5) John Phelan, *All God's People* (Covenant Publications, 2005; Chicago, IL) 51.
- (6) Mimi Haddad, "What Language Shall We Use?" (*Priscilla Papers*, Volume 17, Issue 1, Christians for Biblical Equality; Minneapolis, MN).
- (7) Richard and Catherine Kroeger, "Why Were There No Women Apostles?" (*Equity*, 1982). 10-12.
- (8) David Claydon, "The Context for the Production of the Lausanne Occasional Papers," (*Empowering Women and Men to Use their Gifts Together in Advancing the Gospel, Lausanne Occasional Paper No. 53*; Christians for Biblical Equality, 2005; Minneapolis, MN; Alvera Mickelsen, ed.). iv.
- (9) Bilezikian, *Beyond Sex Roles*, 140.
- (10) Craig Keener, *Two Views on Women in Ministry* (Zondervan Publishing House, 2001; Grand Rapids, MI; James Beck and Craig Blomberg, eds.). 166, 169, 171.
- (11) Groothuis, *Good News for Women*, 215.

(12) Ibid., 222.

(13) Mimi Haddad, “Paul and Women”, (*Empowering Women and Men to Use their Gifts Together in Advancing the Gospel, Lausanne Occasional Paper No. 53*; Christians for Biblical Equality, 2005; Minneapolis, MN; Alvera Mickelsen, ed.). 34.

(14) Keener, *Two Views on Women in Ministry*, 29.

(15) Gilbert Bilezikian, “I Believe in Male Headship” (Christians for Biblical Equality, Free Articles, cbeinternational.org; Minneapolis, MN).

(16) Haddad, “Paul and Women,” 35.

(17) Kevin Giles, “The Subordination of Christ and the Subordination of Women,” (*Discovering Biblical Equality*; InterVarsity Press, 2004; Downers Grove, IL; Ronald Pierce and Rebecca Merrill Groothuis, eds.). 337.

(18) Bilezikian, *Beyond Sex Roles*, 122.

(19) Berkeley and Alvera Mickelsen, “What Does Kephale Mean in the New Testament?” (*Women, Authority & the Bible*; InterVarsity Press, 1986; Downers Grove, IL; Alvera Mickelsen, ed.). 97-98.

(20) Philip Barton Payne, “Response,” (*Women, Authority & the Bible*; InterVarsity Press, 1986; Downers Grove, IL; Alvera Mickelsen, ed.). 118.

(21) Groothuis, *Good News for Women*, 157-158.

(22) J. Lee Grady, *Ten Lies the Church Tells Women*, (Charisma House, 2000; Lake Mary, FL). 177.

(23) Stan Gundry, “From *Bobbed Hair, Bossy Wives, and Women Preachers* to *Woman Be Free: My Story*” (*Priscilla Papers*, Volume 19, Issue 2, Christians for Biblical Equality; Minneapolis, MN).

(24) *The Holy Bible, Today's New International Version*, (Zondervan, 2006; Grand Rapids, MI). xi.



*“Tichiri Parutivi neParutivi, k chinyorwa nepapfupi, chakatakura uye chakasimba kwazvo chine chinangwa chekugadzirisa kuverengwa kweMagwaro Matsvene kusina nezvekusaremekedzana sevanhu rume nevanhukadzi, zvinoita kuti hushumiri hwemakereke nekupupura kunyika zvive zinyekenyeke. Ibhuku rine dzidziso yakasimba ringashandiswa sedungamunhu kana neboka uye rinobatsira pamibvunzo ine chekuita nezvekuva munhurume kana munhukadzi zvinofanirwa kukurukurwa nemakereke mazuva ano.”*

## Mimi Haddad

President of CBE International  
[www.cbeinternational.org](http://www.cbeinternational.org)

*“Tichiri Parutivi neParutivi ipfupikiso yakanyorwa nehunyanzvi panyaya yekuenzana kwemikana zvinoenderana neBhaibheri.”*

## Alvera Mickelsen

Founding Member of CBE International.  
author, editor, and teacher

**Janet George** akashanda muBhodhi rehutungamiriri hwe Christians for Biblical Equality. Iye nemurume wake, Matt, ndivana muzvinabhizimusi ku Centennial, Colorado, vanopinda kereke ye Covenant Church ne Oasis. Vane vanasikana vatatu vakura.

**Herbert Mazonde** mufundisi mukuru akagadzwa mukereke yeHarvest House International Church mudunhu reMashonaland Central Province muZimbabwe. Inhengo yeDare Repamusoro reVafundisi vanotungamirira mubatanidzwa wemakereke arimu Evangelical Fellowship of Zimbabwe (EFZ). Pamwechete nemudzimai wavo, Thando, vane mukurumbira mukuru panyaya dzerairo muwanano uye nedzehutungamiri. Vane vana vakomana vaviri nemusikana mumwechete

Mamwemabhukuayaanonzi *Tichiri Parutivi neParutivi: tsanangurane papfupi yezvekuenzanswa kwemikana pakati pevanhurume nevanhukadzi zveBhaibheri* anogona kuwanikwa pa:

In the USA, copies may be ordered by  
Web: [www.cbebookstore.org](http://www.cbebookstore.org)  
Phone: 612-872-6898  
Email: [bookstore@cbeinternational.org](mailto:bookstore@cbeinternational.org)

Other countries may find order information from [Info@publish4all.com](mailto:Info@publish4all.com)